

# **CELLA**

Comprehensive  
English Language  
Learning Assessment

Gid 2010 pou  
ede w  
konprann



## Kisa objektif CELLA a ye

Eta Florid sèvi ak Evalyasyon Konplè pou Aprantisaj Lang Angle (Comprehensive English Language Learning Assessment – CELLA) tankou yon zouti pou mezire pwogrè yon Moun k ap Aprann Lang Angle (English Language Learner – ELL) ap fè pou akeri konpetans nan Lang Angle; kifè sa pèmèt elèv yo akeri konpetans ki nesèsè pou atenn gwo nivo akademik. Si w bezwen plis enfòmasyon osijè CELLA, tanpri li Fèy enfòmasyon 2010 Florida CELLA distri lekòl la te remèt ou, oswa ale gade nan wèbsayt CELLA Eta Florid la nan <http://www.fldoe.org/aala/cella.asp>.

## Kanè elèv 2010 CELLA a

Chak elèv ki pran CELLA a pral resevwa yon Kanè elèv ki gen ladann enfòmasyon konsènan pèfòmans li pou tès sa a. Gen kat (4) tip enfòmasyon yo jwenn nan Kanè elèv la :

- Enfòmasyon osijè elèv la
- Nòt nan chak domèn konpetans :
  - » Nòt anfonksyon Barèm la
  - » Pwen elèv la make
  - » Pwen ki posib pou elèv la make
- Sou-nòt pou chak domèn konpetans :
  - » Pwen elèv la make
  - » Pwen ki posib pou elèv la make
- Fason pou konprann Nòt elèv yo :
  - » Tranch Nòt anfonksyon Barèm yo
  - » Deskripsyon Nivo konpetans yo

Men yon echantyon paj kouvèti Kanè elèv la. Lèt A, B ak C koresponn ak deskripsyon enfòmasyon yo founi sou pwochen paj la.

**Florida Comprehensive English Language Learning Assessment  
2010 Student Report**

**A** Student Name: **FIRST NAME MI LAST NAME**  
 Student ID#: **0123456789** Date of Birth: **mm/dd/yyyy**  
 Home Language: **Spanish** Test Date: **mm/dd/2010**  
 Grade: **12** Test Level: **D**  
 School: **(1234) SCHOOL NAME - MAX 40 CHARACTERS**  
 District: **(12) DISTRICT NAME - MAX 40 CHARACTERS**

**C**

Listening/Speaking Sub-Scores		Points	
	Scored	Scored	Possible
<b>Listening - Sentences</b> This score measures the student's ability to understand a single sentence that describes a picture.	5	5	8
<b>Listening Comprehension - Short Talks</b> This score measures the student's ability to understand short listening passages.	5	5	6
<b>Listening Comprehension - Extended Speech</b> This score measures the student's ability to understand extended listening passages, including passages that present academic information.	5	5	6
<b>Speaking Vocabulary</b> This score measures the student's knowledge of oral vocabulary.	3	3	6
<b>Speaking - Asking Questions</b> This score measures the student's ability to ask questions accurately and appropriately.	5	5	6
<b>Speaking - Extended Speech</b> This score measures the student's ability to express an opinion, tell a story, and talk about information shown in a graph.	8	8	10

**B**

LISTENING/SPEAKING	READING	WRITING	TOTAL
Scale Score*	Scale Score**	Scale Score*	Scale Score
715	759	697	2171

**LISTENING/SPEAKING**

Proficient  
736-835

High Intermediate  
714-735 ← 715

Low Intermediate  
682-713

Beginning  
580-681

Scale Score: **715**

Listening Points Scored: 16  
Possible Points: 22

Speaking Points Scored: 17  
Possible Points: 24

**High Intermediate**

**READING**

Proficient  
775-820

High Intermediate  
752-777 ← 759

Low Intermediate  
744-791

Beginning  
602-743

Scale Score: **759**

Reading Points Scored: 16  
Possible Points: 26

**Low Intermediate**

**WRITING**

Proficient  
746-830

High Intermediate  
721-745

Low Intermediate  
690-720 ← 697

Beginning  
600-689

Scale Score: **697**

Writing Points Scored: 21  
Possible Points: 29

**Low Intermediate**

Note: These scores show your performance on the day you took the test. If you want to take the test again, it is likely that your scores would fall into the following ranges:

Listening/Speaking	707-723
Reading	731-767
Writing	685-707

## **Ⓐ Enfòmasyon osijè elèv la**

Seksyon sa a montre non elèv la, nimewo idantite elèv la, dat nesans li, lang matènèl li, nòt yo ba li a ak nivo tès la. (Elèv yo pran CELLA a selon nivo klas y ap frekante a. Tès pou ane 2010 la p ap teste okenn bagay onivo fonksyonèl.) Seksyon sa a gen ladann tou nimewo ak non lekòl ak distri yo.

## **Ⓑ Barèm nòt yo**

Seksyon sa a rezime pèfòmans elèv la pou CELLA a. Barèm nòt yo endike dèyè tibwat nwa yo ki anba Enfòmasyon osijè elèv la ak nan tibwat ble yo. Yon barèm nòt itilize yon barèm nòmal pou yo kapab konpare rezilta tès yo chak ane.

Barèm nòt yo ki andedan tibwat nwa yo montre pèfòmans elèv la pou chak seksyon nan tès la. CELLA a fè rapò sou kat (4) Nòt anfonksyon Barèm la : Ekoute/Ekspresyon oral, Lekt, Redaksyon ak Nòt Global.

Si gen yon NT (Pa teste) ki make nan kèlkeswa tibwat Nòt anfonksyon Barèm la, sa vle di elèv la pa t reponn ase kesyon nan tès la pou yo kapab bay li yon nòt ki valab pou tès la. Si w bezwen plis enfòmasyon sou rezon kifè elèv la pa t resevwa yon nòt, kontakte pwofesè elèv la.

Si gen yon ET (Egzanpsyon pou Tès la) ki make nan kèlkeswa tibwat pou Nòt anfonksyon Barèm la, sa vle di yo pa t bay elèv la seksyon tès sa a. Si w bezwen plis enfòmasyon sou rezon kifè elèv la te egzante, kontakte pwofesè elèv la.

Yo montre Nòt anfonksyon Barèm yo nan tibwat ble yo, ansanm ak enfòmasyon ki annapre a : Nivo Pèfòmans, Pwen elèv la make ak Pwen ki posib pou elèv la make.

**Nivo Pèfòmans** la endike grasa yon flèch nwa k ap pwente nan direksyon wotè Nivo Pèfòmans li (tankou « Konpetan » oswa « Nivo Entèmedyè Elve ») e li konpare nòt elèv la ak tout nòt ki posib pou resevwa pou seksyon tès sa a. Wotè Nivo Pèfòmans la ak Nòt anfonksyon Barèm la endike ankò anba tibwat ble yo.

**Pwen elèv la make** se kantite pwen elèv la make nan pòsyon tès sa a.

**Pwen ki posib pou elèv la make** se kantite pwen elèv la ta dwe resevwa si li te reponn chak kesyon kòrèkteman.

## **Ⓒ Sou-Nòt yo**

Seksyon Kanè elèv la montre tout sou-nòt yo. Yo bay Sou-Nòt pou Ekoute/Ekspresyon oral ak Lekt/Redaksyon. Sou-nòt sa yo bay plis detay konsènan fòs ak feblès akademik elèv la.

Sou-nòt yo se kantite pwen elèv la make nan seksyon tès sa a. Sou-nòt yo se « nòt brit » ki pa etabli tankou Nòt anfonksyon Barèm la, kifè yo pa kapab konpare yo avèk nòt pou lòt ane yo.

Pou elèv k ap pran Nivo A, kantite pwen ki posib pou elèv la make nan sou-nòt yo pou yon seksyon gen dwa pa egal avèk kantite total pwen ki posib pou pran nan seksyon tès la globalman. Se poutèt gen sèten atik ki enkli nan nòt jeneral la men ki pa enkli nan sou-nòt yo.

## **Anotasyon anba paj la**

Anotasyon ki anba sou-nòt yo anba Kanè elèv la. Yo bay definisyon abrevyasyon ki gen dwa parèt nan Kanè elèv la.

**NT** (Pa Teste) – Elèv la pa reponn ase kesyon pou yo kapab bay li yon nòt, oswa yo pa t teste elèv la sou seksyon tè s a.

**ET** (Egzanpsyon pou Tès la) – Yo pa t teste elèv la poutèt li te egzante pou seksyon sa a. Elèv ki Soud e ki Malantandan se sèl elèv ki gen dwa egzante pou yon seksyon nan yon tè s.

**NS** (San Nòt) – Yo pa t aksepte tè s elèv la pou seksyon sa a.

**OLT** (Tès Andeyò Nivo) – Nivo tè s la pa t apwopriye pou nivo klas elèv la frekante.

## **Fason pou konprann Nòt anfonksyon Barèm CELLA yo**

Tranch Nòt anfonksyon Barèm la, depi nòt ki pi ba a rive nan nòt ki pi wo ki posib pou genyen, endike annapre pou chak seksyon nan tè s la :

### **Scale Score Ranges**

<b>ORAL SKILLS (Listening/Speaking)</b>				
<b>Grades</b>	<b>K-2</b>	<b>3-5</b>	<b>6-8</b>	<b>9-12</b>
Beginning	495-632	560-675	565-680	580-681
Low Intermediate	633-649	676-697	681-712	682-713
High Intermediate	650-672	698-719	713-732	714-738
Proficient	673-755	720-805	733-830	739-835

<b>READING</b>				
<b>Grades</b>	<b>K-2</b>	<b>3-5</b>	<b>6-8</b>	<b>9-12</b>
Beginning	345-545	590-689	600-713	605-743
Low Intermediate	546-628	690-714	714-741	744-761
High Intermediate	629-689	715-733	742-758	762-777
Proficient	690-800	734-810	759-815	778-820

<b>WRITING</b>				
<b>Grades</b>	<b>K-2</b>	<b>3-5</b>	<b>6-8</b>	<b>9-12</b>
Beginning	515-636	575-674	580-687	600-689
Low Intermediate	637-657	675-702	688-719	690-720
High Intermediate	658-689	703-726	720-745	721-745
Proficient	690-775	727-825	746-845	746-850

# Gid CELLA 2010 pou ede w konprann

Deskripsyon nivo konpetans nan Lang Angle endike sou do Kanè elèv la. Yo esplike chak Nòt anfonksyon Barèm la; pou sa, yo dekri sa elèv la konnen ak sa li kapab fè nan Lang Angle. Men yon paj echantiyon ki sòti nan yon Kanè Elèv pou Nivo D :

An interpretive guide for reports has been translated to Florida's 10 most common languages and can be found at: <http://www.fl.doe.org/gain/cella.asp>

**HOW TO INTERPRET YOUR SCORES:**  
Look at the final scale score earned for each skill area (listening and speaking, reading, and writing). Compare that score to the scores provided below to determine English language proficiency (Beginning, Low Intermediate, High Intermediate, or Proficient) for the student. The proficiency level descriptors are provided to explain what the CELLA scores mean. These descriptors explain what students who earn these scores know and are able to do in English.

**COMO INTERPRETAR TU PUNTAJACIÓN:**  
Consulta la puntuación total obtenida en cada área de destreza (comprensión auditiva y expresión oral, lectura y redacción) y compárala con la puntuación indicada a continuación para determinar el nivel de competencia en inglés (Básico, Intermedio Bajo, Intermedio Alto o Proficiente) del estudiante. Las descripciones que se indican sobre el nivel de competencia tienen como objetivo explicar el significado de la escala de puntuación de CELLA. Estas descripciones explican el conocimiento y habilidades en inglés de los estudiantes según las puntuaciones obtenidas.

LISTENING & SPEAKING SKILLS SCALE SCORE RANGES - Grades 9-12		ESCALA DE PUNTAJACIÓN EN COMPRENSIÓN AUDITIVA Y EXPRESIÓN ORAL - Niveles 9-12			
600-601	Beginning	Student speaks and understands spoken English that is below grade level.	600-601	Básico	Hablan inglés y entienden el inglés oral a un nivel inferior al de grado.
602-713	Low Intermediate	Student speaks in English and understands spoken English that is at or below grade level.	602-713	Intermedio Bajo	Hablan inglés y entienden el inglés oral a nivel de grado o inferior.
714-728	High Intermediate	Student, with minimal support, speaks in English and understands spoken English that is at grade level.	714-728	Intermedio Alto	Con asistencia mínima, habla en inglés y entiende el inglés oral a nivel de grado.
729-835	Proficient	Student speaks in English and understands spoken English at grade level in a manner similar to non-ELL students.	729-835	Proficiente	Habla y entiende el inglés oral a nivel de grado de manera similar a los estudiantes de habla inglesa.
READING SCALE SCORE RANGES - Grades 9-12		ESCALA DE PUNTAJACIÓN LECTURA - Niveles 9-12			
603-743	Beginning	Student reads in English below grade level text.	603-743	Básico	Lee inglés a un nivel inferior al de grado.
744-761	Low Intermediate	Student reads in English at or below grade level text.	744-761	Intermedio Bajo	Lee inglés a nivel de grado o inferior.
762-777	High Intermediate	Student reads in English at grade level text with minimal support.	762-777	Intermedio Alto	Lee inglés a nivel de grado con asistencia mínima.
778-820	Proficient	Student reads in English grade level text in a manner similar to non-ELL students.	778-820	Proficiente	Lee inglés a nivel de grado de manera similar a los estudiantes de habla inglesa.
WRITING SCALE SCORE RANGES - Grades 9-12		ESCALA DE PUNTAJACIÓN PARA REDACCIÓN - Niveles 9-12			
600-689	Beginning	Student writes in English below grade level and requires continuous support.	600-689	Básico	Escribe inglés a un nivel inferior al de grado y requiere asistencia continua.
690-720	Low Intermediate	Student writes in English at or below grade level and requires some support.	690-720	Intermedio Bajo	Escribe inglés a nivel de grado o inferior y requiere asistencia de vez en cuando.
721-745	High Intermediate	Student writes in English at grade level with minimal support.	721-745	Intermedio Alto	Escribe inglés a nivel de grado con asistencia mínima.
746-850	Proficient	Student writes in English at grade level in a manner similar to non-ELL students.	746-850	Proficiente	Escribe inglés a nivel de grado de manera similar a los estudiantes de habla inglesa.

© 2006, 2010 by AccountabilityWorks. All rights reserved.  
Developed by the Educational Testing Service.

Pou kapab konprann pi byen sa yon Nòt anfonksyon Barèm la ye, swiv demach sila yo :

1. Jwenn Nòt anfonksyon Barèm elèv la pou youn nan seksyon tèks CELLA a, tankou Lekti, ki sou kouvèti devan Kanè Elèv la. (Seksyon B)
2. Jwenn menm seksyon tèks sa a, tankou Lekti pa egzanz, nan do kanè a e jwenn tranch Nòt anfonksyon Barèm la ki koresponn pou nòt elèv la.
3. Li deskripsyon nivo konpetans ki koresponn ak Nòt anfonksyon Barèm la pou kapab konprann nivo konpetans elèv la nan Lang Angle.

## Lòt fason pou sèvi ak Nòt CELLA yo

CELLA kapab bay plis bagay toujou pase founi paran ak pwofesè yo enfòmasyon osijè chak elèv an patikilye. Li pèmèt lekòl, distri ak Eta a konnen si pwogram ledikasyon lekòl yo ap fonksyone byen.

CELLA founi prèv konpetans pwogram yo konfòmeman ak Tit I e Tit III Lwa ki rele Pa Kite Okenn Timoun Dèyè (No Child Left Behind – NCLB). NCLB bay lòd pou lekòl ak distri yo atenn objektif konpetans Eta yo pou ogmante konpetans nan Lang Angle Moun k ap Aprann Lang Angle yo. Egzijans nan konpetans pwogram sa yo rele Objektif Akonplisman Anyèl (Annual Measurable Achievement Objectives – AMAO).

Eta yo oblije fè rapò sou sa yo akonpli konsènan twa (3) AMAO yo :

1. pwogrè pou akeri konpetans nan Lang Angle
2. kantite moun ki reyisi konpetan nan Lang Angle
3. pwogrè anyèl Moun k ap Aprann Lang Angle (ELL) yo ki apwopriye nan domèn lekti akademik ak matematik

Yo dwe fikse objektif anyèl yo pou chak objektif. Tout distri ki pa atenn objektif yo pout tout twa AMAO yo dwe enfòme paran tout ELL yo osijè pèfòmans distri a. Yo dwe remèt avi sa a, si posib nan yon lang paran elèv la kapab konprann.



© 2005, 2010 pa AccountabilityWorks. Tout dwa rezève  
Se Educational Testing Service ki fè li

